



**KEMENTERIAN AGAMA REPUBLIK INDONESIA
KELOMPOK KERJA GURU MADRASAH IBTIDAIYAH
KABUPATEN GUNUNGKIDUL
PENILAIAN AKHIR TAHUN (PAT)
TAHUN PELAJARAN 2023/2024**

Kelas : IV (Empat)
Mata Pelajaran : Bahasa Jawa

Hari/ Tanggal :
Waktu :

Wenehana tandha ping (X) ing aksara a, b ,c utawa d kang dianggep bener !

Wacan kanggo nomer 1-5

Wacanen kanthi permati !

Ngingu Terwelu

Bima, Banu, lan Bagas kepengin ngingu terwelu. Dheweke durung padha ngerti carane ngingu terwelu. Bocah telu padha takon-takon marang tanggane Bagas.

Ternak terwelu iku kena kanggo nyukupi kebutuhan urip. Terwelu dibutuhake daging lan kulite. Daginge dimasak sate utawa tongseng, dene kulite kanggo bahan kerajinan. Anggone ngingu ora mung cukup diumbar ing kebon utawa ing plataran. Nanging, mbutuhake pangupakara kandhang, pakan, lan carane ngobati lelara. Carane milih bakalan utawa bibit terwelu diwiwiti saka carane ngawinake, lan carane misahake anak karo babone.

Nggawe kandhang uga kudu digatekake. Kandhang kanggo njaga supaya terwelu aman saka kewan galak, maling, lan hawa panas. Kejaba kuwi kanggo nggampangake pangupakarane, kandhang mbutuhake papan sing tenggar bisa kanggo ganti hawa. Mulane papan cukup sinaring srengenge sing bisa njalari kandhang tetep garing.

Terwelu kalebu kewan wengi, tegese anggone mangan luwih akeh ing wektu wengi. Pakane awujud gegodhongan kaya dene : suket, kangkung, sladha, kobis, sawi , wortel becike dipakakake ing wektu wengi. Menawa ing wektu awan terwelu dipakani konsentrat, dhele, jagung, kacang ijo, lan bangsane tela. Terwelu bisa manak antarane 4 nganti 8. Babon sing produktif lan sehat, bisa manak saben rong sasi sapisan. Anak terwelu sing wis umur salapan bisa disapih lan dipisah ing kandhang liya. Ngingu terwelu kuwi cukup gampang lan yen diupakara kanthi becik, bisa akeh be bathene.

Kapethik Saka Buku Sinau Basa Jawa Gagrak Anyar Kelas IV SD

1. Terwelu iku kang dibutuhke....
 - a. daging lan susune
 - b. endog lan daging
 - c. daging lan kulite

- d. kulit lan susu
2. Kandhang terwelu kudu cukup sinaring srengenge supaya....
 - a. ora mambu
 - b. kandhang tetep garing
 - c. terwelu cepet mati
 - d. ora gampang ngelih
3. Terwelu dipakani konsentrat ing wayah....
 - a. wengi
 - b. esuk
 - c. awan
 - d. sore
4. Babon sing produktif lan sehat bisa manak saben
 - a. rong dino pisan
 - b. rong minggu pisan
 - c. sesasi pisan
 - d. rong sasi pisan
5. Kulit terwelu biasane digunakake kanggo....
 - a. gawe sate
 - b. gawe kerajinan
 - c. gawe ukiran
 - d. gawe anyaman

Geguritan kanggo no 6-7 !

Gatekna geguritan iki !

CORONA

Tekamu tan kinira
 Nora katon ing netra
 Anjalari lelara
 Nuwuhaké bēbaya saindenge ndonya

Polahmu agawe cilaka
 Agawé bingung nayakaning praja
 Nyebabaké doktēr...suster uga warga koncatan nyawa
 Ninggalake rasa sungkawa

Lan panalangsa
Kiprahmu aja dibacut-bacutake
Énggala sumingkir saka kene
Anggonmu mothah krana Gusti kang ndhawuhake
Sakabèhing titah ora bisa nyaruwe

6. Geguritan ing dhuwur nyritakake....

- a. lelara kang kasebut Corona
- b. lelara ora duwe duwit
- c. lelara sing ora mbabayani
- d. lelara sing kepenak

7. Ukara **tekamu tan kinira** tegese

- a. teka karo aruh – aruh
- b. teka tanpa di kira-kira
- c. tekane amarga di undang
- d. teka lan lunga

8. Gatekna geguritan iki !

Ngger,
Biyung nyuwun ngapura
Ora bisa dadi biyung kang sampurna
Ora bisa nglegakne atimu
Ngger,
Uripku kebak kaluputan
Ngiwa luput, nengen luput
Rumangsaku aku wis manut
Bangun turut karo sing jare winasis

Irah-irahan kang trep kanggo geguritan iku yaiku....

- a. Corona
- b. Ibu
- c. Banjir
- d. Lelara

9. Wong maca geguritan kudu dirasakake sajroning ati, miturut isi geguritane. Maca geguritan kanthi cara mengkono iku ateges nggatekake babagan....

- a. wicara
- b. wirama

- c. wiraga
- d. wirasa

Tembang kanggo no 10 – 11 !

Gatekna tembang iki !

Sekar gambuh ping catur
Kang cinatur polah kang kalantur
Tanpa tutur katula tula katali
Kadaluarsa katutuh
Kapatuh pandadi awon

10. Gambuh ing tembang iku kalebu tembang....

- a. dolanan
- b. gedhe
- c. tengahan
- d. macapat

11. Ukara **tanpa tutur katula tula katali**

Ukara Tembang Gambuh kasebut ana ing gatra kaping....

- a. 1
- b. 2
- c. 3
- d. 4

12. Sekar gambuh ping catur, kang cinatur polah kang kalantur.

Tembung *cinatur* tegese....

- a. diaturke
- b. catur
- c. dirembug
- d. ditatur

13. Tembang Gambuh iku duweni sipat...

- a. Wong kang sugih omong lan kakean polah.
- b. Sumanak, sumadulur, cocog kanggo menehi pituduh.
- c. Menehi pitutur supaya urip susah.
- d. Padha gulangen ing kalbu, ing sasmita amrih lantip

14.



Gambar wayang iki arane....

- a. Arjuna

- b. Pandhawa
- c. Puntadewa
- d. Werkudara

15. Godo Rujak Pala,kagungane Satriya Jodhipati kang asmane....

- a. Werkudara
- b. Yudhistira
- c. Kresna
- d. Janaka

16. Arane satriya Pandhawa kang kembar yaiku....

- a. Puntadewa, Bima
- b. Bima , Arjuna
- c. Nakula, Sadewa
- d. Bima, Gathotkaca

17. Gambar wayang kang aran Werkudara yaiku....

a.



b.



c.



d.



18. Dina Pasaran sak durunge Wage yaiku....
- a. Pon
 - b. Kliwon
 - c. Paing
 - d. Legi
19. Joko iku lair ing dina Selasa Legi.
- Yen miturut dina pasarane laire Joko jenenge....
- a. Respati cemengan
 - b. Anggara Kasih
 - c. Anggara Manis
 - d. Anggara Cemengan
20. Panganan saka tela kang diolah kanthi digoreng diarani....
- a. lemet
 - b. cemplon
 - c. cenil
 - d. gethuk
21. Panganan tradisional khas Gunungkidul arane....
- a. gudheg
 - b. thiwul
 - c. tela tela
 - d. cemplon
22. Ibu lagi gawe panganan kang digawe saka gori diarani....
- a. gethuk
 - b. gudheg
 - c. thiwul
 - d. lemet
- 23.



Panganan ing gambar diarani

- a. gathot
- b. thiwul

- c. cenil
- d. sawut

24. Putranipun Pak Budiman wonten gangsal.

Tembung *gangsal* basa ngokone yaiku....

- a. enem
- b. telu
- c. papat
- d. lima

25. Bapak nembedhateng sawah.

Basa krama kang trep kanggo jangkepi ukara ing dhuwur yaiku....

- a. lunga
- b. karo
- c. rawuh
- d. tindak

26. Bima : Siwi iki bukumu ...(silih) ya.

Siwi : Ya Bim, aja lali sesuk dibalekke.

Ater-ater tripurusa kang trep kanggo ngisi ceceg-ceceg ing dhuwur yaiku

- a. dak
- b. kok
- c. di
- d. do

27. Simbah ngunjuk kopi.

Wasesane ukara ing dhuwur yaiku....

- a. simbah
- b. kopi
- c. dhahar
- d. ngunjuk

28. Ibu tuku gula Jawa.

Basa kramane ukara kasebut yaiku....

- a. Ibu mundhut gendhis Jawa.
- b. Ibu mundhut gendhis Jawi.

- b. Tari tuku soto
- c. Tani tuku soto
- d. Tari lagi turu

34. Mayang seka pasar

Yen di tulis aksara jawa yaiku....

- a. 
- b. 
- c. 
- d. 

35. 

Aksara Jawa iku wacane

- a. Parna laki lunga
- b. Parna lagi lunga
- c. Parta lagi turu
- d. Parta lagi lunga

36. wayang kang duweni julukan “otot kawat balong wesi” yaiku....

- a. Gatotkaca
- b. Werkudara
- c. Yudhistira
- d. Petruk

37. kang kalebu tembang macapat yaiku kejaba....

- a. gambuh
- b. mijil
- c. sinom
- d. kembanggula

38. pandawa lima kang kembar yaiku nakula lan....

a. sadewa

b. bima

c. yudhistira

d. semar

39. dhaharan khas kulonprogo yaiku....

a. growol

b. thiwul

c. gudeg

d. gaplek

40. “ꦠꦸꦏꦸꦠꦲꦏꦂꦺꦒꦸꦭꦏꦱꦶꦂ” aksara jawa iku wacane....

a. toko tahu karo gula pasir

b. toko tahu karo gula jawa

c. toko paku karo teh jawa

d. toko paku sekilo